

## **ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN KOUVÈTI MEDICAID OU**

### **Tanpri Aji Rapidman**

Nap ekri w pou n ba w enfòmasyon ki enpòtan konsènan benefis asirans sante Medicaid ou. Konfòmeman ak lwa federal, Eta Rhode Island ap dirije renouvelman elijibilite Medicaid pou I konfime ke tout moun ki gen Medicaid rete elijib pou li. Dosye nou yo endike ke w gen kèk sikontans espesyal ki afekte elijibilite w.

#### **Kouvèti Asirans Medicaid ou ap Fini**

Enfòmasyon nou genyen yo endike ke ou pa elijib pou Medicaid akòz estati imigrasyon ou. Nou te eseye tcheke estati imigrasyon ou atravè sous ki egziste deja ki disponib pou nou, men nou pa kapab konfime estati ou. Nou pa gen dokiman ki nesesè pou detèmine si ou elijib pou kontinye gen kouvèti asirans la.

#### **Kijan Pou Fè Konnen Si W Ka Rete nan Medicaid**

Si w vle kontinye gen kouvèti asirans Medicaid, tanpri soumèt dokiman nou bezwen yo pou detèmine elijibilite w pou Medicaid. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dokiman nou bezwen yo lè w:

- Konekte w sou kont ou nan [www.healthyrhode.ri.gov](http://www.healthyrhode.ri.gov). Paj My Dashboard (Tablodbò Mwen) an ap montre dokiman ou dwe soumèt yo.
- Kontakte Depatman Sèvis Sosyal Rhode Island (Rhode Island Department of Human Services, DHS) nan 1-855-697-4347.

Pa mize. Tanpri revize dokiman ou yo epi soumèt enfòmasyon ki ajou imedyatman pou nou ka detèmine si ou elijib pou rete kontinye gen kouvèti asirans la.

**Sa w Ka Fè Si W Pa Elikib Ankò pou Medicaid**

Si w etabli legalman Ozetazini epi w ranpli kondisyon elijiblite ki gen rapò ak estati imigrasyon w, ou ka gen lòt opsyon pou w ka kontinye gen kouvèti asirans atravè HealthSource RI (HSRI). Nan jou lasemèn yo, rele HSRI de 8 a.m. jiska 6 p.m. nan 1-855-840-4774 pou pale ak yon moun ki ka ede w.

Si w pa dakò ak desizyon nou pran konsènan benefis ou yo, annik suiv pwosedi yo dekri nan Avi sou Desizyon Benefis (Benefits Decision Notice) ou pou konteste desizyon an.

Vizite [www.staycovered.ri.gov](http://www.staycovered.ri.gov) pou aprann plis sou elijibilite pou Medicaid ak kijan pou jwenn èd.